




Montre Mwen Lajan an!

Kan aplikasyon ou lan fin ranpli, kolèj ki nan lis ou yo ta dwe jwenn enfòmasyon FAFSA ou yo otomatikman. A nenpòt ki nivo, ou ka ajoute kolèj nan li ou oubyen retire yo.

Kounya a ou bezwen travay ak kolèj yo pou jwenn èd finansyè ou bezwen...

-  **Verifye Rapò Èd pou Etidyan FAFSA ou a, oubyen SAR** yon fwa ankò pou asire ke pa gen ankenn konplikasyon dènye minit.
-  **Si ou wè yon etwal (*) oubyen C nan Rapò Èd pou Etidyan ou lan,** kolèj yo ap bezwen verifye enfòmasyon ou yo. Veye enstriksyon ke kolèj ou yo voye— epi gade paj 20 pou plis enfòmasyon.
-  **Èske revni fanmi ou oubyen fwaye ou te chanje akòz COVID-19 oubyen lòt sikonstans?** Kounya a se lè pou pale ak yon ofisyè èd finansyè nan kolèj sa yo ki koresponn avèw. Fè yo konnen sa ki te rive epi kijan finans fanmi an te chanje. Petèt yo ka ofri plis èd.

K: FAFSA mwen an fini. Kisa kap rive apre sa?

R: Rete tann lèt akseptasyon kolèj ou yo! Nan kèk ka, lèt akseptans yo ap diw tou konbyen èd ou ka jwenn nan men gouvènman an ak pwòp fon bous etid kolèj yo. Souvan, sepandan, yon kolèj ap voye lèt èd finansyè li a aprè. Diferan kolèj ap ofri diferan kantite èd finansyè.

K: Ki jan de èd finansyè mwen ka atann?

R: Chak kolèj ki aksepte ou ap bay yon lèt oubyen imèl ki dekri konbyen kolèl la ap koute—e kisa kolèj la ka ofri pou ede ou peye pou ale ladan. Sa a se va petèt yon melanj sibvansyon ak bous etid (lajan ke yo ba ou), prè (ke ou dwe peye) ak travay-etid (lajan ou ka ganye). Sa rele yon pakè "èd finansyè." Li enpòtant ke ou gade chak pakè ak swen, pou ou ka seleksyone yon kolèj ke ou ka vrèman peye.

Kesyon akRepons:

E si yo mande mwen poum pwouve ke Enfòmasyon ki nan FAFSA mwen yo se laverite?

K: Poukisa yo mande mwen poum pwouve ke enfòmasyon FAFSA mwen an egzat?

R: Sa se yon pwosesis ki rele "verifikasyon" e li komen —jiska 30 pousan nan fòmilè FAFSA yo pase nan verifikasyon chak ane. Depatman Edikasyon Ameriken ak kolèj yo seleksyone yon seri de etidyan pou yo verifye enfòmasyon ke yo bay nan FAFSA yo. Pafwa yo chwazi aplikan yo pa aza. Pafwa s epaske enfòmasyon nan fòmilè FAFSA a pa kontradiktwa oubyen enkonplè. kolèj yo responsab pou fè verifikasyon.

K: Kisa verifikasyon an enlike?

R: Biwo èd finansyè kolèj la va kontakte ou. Dabitid se yon demand pou plis enfòmasyon pa woutin, souvan se sou revni fanmi ou. Ou ta dwe anfòm si ou te itilize Zouti pou Rekipere Done IRS la. Si ou pat fè sa, petèt ou ka bezwen bay yon kopi deklarasyon taks IRS fanmi ou, ke anplwayè ou yo ap ba ou. Biwo èd finansyè kolèj la ap konpare fòmilè FAFSA ou ak enfòmasyon ou bay la. Si gen diferans, wap bezwen korije fòmilè FAFSA ou a.

K: Ki lòt kesyon yo ka poze?

R: Biwo èd finansyè a ka vle konfime kantite moun ki nan fanmi ou, epi konbyen lòt ki nan kolèj. Yo ka mande ou revni lòt manm fanmi (tankou sipò pou timoun) oubyen èd gouvènman (tankou food stamps). Yo ka mande ou pou w bay idantifikasyon legal oubyen prèv ke ou gradye nan lekòl segondè tou.

K: Èske mwen ka voye menm enfòmasyon an nan tout kolèj yo?

R: Wap oblije reponn chak kolèj yon fason separe. Chak ap voye yon fòmilè pa imèl oubyen lapòs pou endike sa yo bezwen. Asire ke ou respekte delè chak kolèj yo. Si pa gen delè, bay enfòmasyon an pi rapid posib.

K: Si mwen jwenn yon fòmilè verifikasyon, sa vle di ke kolèj la aksepte mwen, pa vre?

R: Pa nesèman. Gen kèk kolèj ki mande pou verifye enfòmasyon finansyè ou **avan** ke yo pran desizyon pou ou admi. Se pou sa ou dwe fè sa byen rapid. Rete an kontak sere avèk kolèj kote ou swete ale yo—epi ba yo tout sa ke yo mande.